Зыщ ди блэкIари, зыуэ щрет ди къэкIуэнури!

Медведев Д. А. ЕсэнтIыгу щригъэкIуэкIащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм пыщIа IуэхухэмкIэ Правительствэм и комиссэм и зэIущIэ. Абы хэтащ икIи къыщыпсэлъащ КIуэкIуэ Ю. А.

Урысейм и Правительствэм и УнафэщI Медведев Дмитрий ЕсэнтIыгУ щригъэкIуэкIащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм пыщIа IуэхухэмкIэ Правительствэм и комиссэм и зэIущIэр. Абы хэтащ икIи къыщыпсэлъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий. ЗэIущIэм щыхэплъащ щыналъэм туризмэмкIэ и IэнатIэм зегъэужьыным.

КАВКАЗ Ищхъэрэм зыщебгъэужь хъунущ, зэIущIэр къыщызэIуихым къыхигъэщхьэкIащ премьер-министрым, туризмэм и унэтIныгъэ нэхъыщхьэу плIым ящыщу щым - къурш, бальнеологие, щэнхабзэ-тхыдэ туризмэм. ЩIыналъэм щыIэ курорт псомИ нэгъабэ туристу мелуан 1,5-м нэблагъэ щызэблэкIащ. Псом хуэмыдэу псынщIэу зеужь бгылыжэ туризмэм. Иужьрей илъэситIым къриубыдэу абы хэдитIкIэ зиубгъуащ. Апхуэдэу щыт пэтми, экспертхэм къызэралытэмкIэ, Кавказ Ищхъэрэм илъэс къэс цIыху мелуани 10-м нэблагъэм зыщагъэпсэхуфынущ. А кьалэныр гъэзэщIа хъун папщIэ Iуэхум проект пыухыкIам тету бгъэдыхьэну, ирагъэкIуэкIыну лэжьыигъэхэр щызэфIэкIыну пIалъэхэмрэ абыхэм къарикIуэнумрэ яубзыхуну кьагъэуващ.

Округым и проект нэхъыщхьэ дыдэу щым ящыщ зыуэ кьагъэпсэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым хиубыдэ «Iуащхьэ-махуэ» проектыр. Республикэр хеубыдэ турист нэхъыбэ дыдэ зэкIуалIэ щыналъэхэм (2016 гъэм абы цIыху мин 420-м, 2015 гъэм елъытауэ процент 40-кIэ нэхъыбэм, зыщагъэпсэхуащ).

- Бгы-лыжэ туризмэм и Iэнатlэм щызэпеуэжэр куэд мэхъу, абыхэм зэфIагъэкI Iуэхутхьэбзэхэр зэпымыууэ йофIакIуэ. ФIагъым и лъэныкъуэкIэ дэ дыкъыкIэрыху хъунукъым. Абы папщIэ зи Iэщlагъэм хуэIэкIуэлъакIуэ лэжьакIуэхэр димыIэу хъунукъыми, ахэр егъэджэнымрэ Iэщlагъэмкlэ аттестацэ егъэкIуэкIынымрэ зэтеухуапхъэщ. НэгъуэщI зы Iуэхуи щыIэщ, ар - туристхэм я гъащIэмрэ узынщагъэмрэ страховани къызэщIегъэубыдэнырщ. Бгым сыт хуэдэ фэбжьи къыщохъу, абы къыхэкIыу страховани къешэлIэн хуейщ. Ауэ зэкIэ а Iуэхур зэIубзэкъым, - жиIащ къэралым и Правительствэм и Унафэщым.

**ЗэIущIэм къыщIэтэ Iуэхум и лъэныкъуэкIэ мыхьэнэ нэхъыщхьэ зиIэ къэлэнхэм ящыщу КIуэкIуэ Юрий и псалъэм къыхигъэщащ хьэуа транспортым зегъэужьыныр. Республикэм и унафэщIым къызэриIытэмкIэ, абы туризмэм зегъэужьыным и мызакъуэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым ис псоми я дежкIэ мыхьэнэ хэха иIэщ: «Дмитрий Анатолий и къуэ, мы Iуэхум Уэ ущыгъуаззэщ, абы теухуауэ зыпхуэзгъэзауэ щытащ. Зи гугъу сщIыр «Урысейм и транспорт Iэнатlэм зегъэужьыныр (2010 - 2020 гъэхэм)» къэрал программэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр къызэрыхагъэкIыжаркъ. Абы хиубыдэу аэропортыщIэ щIыным трагъэкIуэдэн папщIэ сом меларди 9,7-рэ кьауатIыпщыну кьабжауэ щытащ. Нобэм ирихьэлIэу кьэув кьалэныр кхъухьлъатэхэр къыщетIысэх, зытелъэтыкI гъуэгур реконструкцэ щIынырц. Дэ инвесторыр кьэдгъуэтыну къыхухагъэуваауэ щытати, абы дыгурыIуащ вокзальщIэм и проектыр хьэзырщ. Иджыпсту къэдгъэсэбэп аэропортыр 1974 гъэм ящIауэ щытащ. СынолъэIунут зи гугъу сщIа программэм республикэр хигъэхьэжын папщIэ УФ-м Финансхэмкlэ и министерствэм зыхуэбгъэзэну». Къызэрабжамкlэ, мы Iуэхум сом меларди 3,9-рэ хуэдиз текIуэдэнущ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэ.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№45 (23.453) ● 2017 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 14, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

113-нэ номер зэхэт

Нобэ Адыгэ тхыбзэм и махуэщ

«Адыгэ псалъэ» (КъБР), «Адыгэ макъ» (АР), «Черкес хэку» (КъШР) лъэпкъ газетхэм я редакцэхэм зэгъусэу зэлэжь къыдэкIыгъуэхэм я зи чэзыр тедухуащ Адыгэ тхыбзэм и махуэм. Дунейпсо Адыгэ Хасэм 2003 гъэм къищта унафэм ипкъ иткIэ, илъэс къэс гъатхэпэм и 14-м а махуэр щагъэлъапIэ ди республикэм. Адыгэ щыпсэу ди къуэш хэгъуэгуэр къапщтэмэ, абыхэм я Хабзэубзыху орган нэхъыщхьэхэм къащта унафэкIэ, Адыгэ Республикэм - 2000 гъэ лъандэрэ, Къэрэшей-Шэрджэсым 2005 гъэ лъандэрэ яIэт Адыгэбзэм и махуэр.

ДЭТХЭНЭ лъэпкъым дежкIи мыхьэнэшхуэ иIэщ езым и тхыбзэ иIэжыным, и анэдэлъхубзэкIэ псэлъэным, Iуэху иризэрихьэу дунейм тетыным. ЦIыхур къызэригъэщIрэ жьэрыIуатэбзэ щыIэми, абы Iурылъ и анэдэлъхубзэр тхыгъэкIэ кьигъэлъэгъуэн щыщIидза лъэхъэнэхэр лъэпкъхэм я дежкIэ зэмыщхьщ. Апхуэдэ Iэмал адыгэхэм диIэ зэрыхъурэ илъэси 165-м нэблагъащ. Тхыдэ дэфтэрхэм къызэрыхэщыжымкIэ, 1853 гъэм гъатхэпэм и 14-м дунейм къытехьауэ щытащ лъэпкъ щIэныгъэлI Бырсей Умар и кьалэмыпэм къыпыкIа, адыгэбзэкIэ тха япэ тхылъыр - «Адыгэбзэ псалъалъэр». Абы лъандэрэ адыгэ лъэпкъым тхыбзэ диIэ хъуауэ кьалъытэ щIэныгъэлIхэм.

Си щхьэ пщIэ хуэзыщIыжу дунейм тет дэтхэнэ лъэпкъри хущIэкъун хуейщ и анэдэлъхубзэм и дахагъыр, къабзагъыр, абы и зэфIэкIыр зэригъэлъэгъуэным, ар зэрихьумэным. Апхуэдэхэм, шэч хэмылъу, дащыщщ адыгэхэр. Абы къыхэкIыуи бзэр егъэфIэкIуэным, къэкIуэну щIэблэхэм яхуэхъумэным пыщIа Iуэхугъуэ псори лъэпкъым и цIыху дэтхэнэми ди зэхуэдэ кьалэнщ: унафэщIхэми, адэ-анэхэми, егъэджакIуэхэми, бзэм елэжьхэми, тхакIуэхэми, газетым, радиом, телевиденэм я лэжьакIуэхэми. Адыгэбзэр мыкIуэдыжыным, зегъэужьыным псори дыхуэлэжьапхъэщ, ди республикэм, къэралым, дуней псом абыкIэ щызекIуэ хабзэхэр тегъэщIапIэ тщIыпуэ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

БЕШТОКЪУЭ Хьэбас

* * *

Бзэр тIэщIэкIмэ, дылъэпкъкъым,
Акъыл ин ухуэмей
Къыбгурыlуэу а тIэкIур
Утетыну дунейм.
Бзэм и макъхэм ди тхыдэр,
Ди лъыр, ди псэр хэпщащ.
Бзэр тхъумэну зымыдэр
Ди биям кьагъэщIащ.
Бзэр тIэщIэкIмэ, досыкIыр,
ТIэщIэкIари дрикъунт.
КIуа лЭщIыгъуэм лъыкIпсыкIым
Хипщэжар сыт хъужьи.
Бзэр тIэщIэкIмэ, докIуэдыр.
Лъы зыщIэтыр фысакъ.
Псы зыщIэтыр текIуэту,
ВгъэIу бзэ хуабэм и макъ.

● Си бзэ - си псэ, си дуней

Иджы Анзорейр утыку къохьэ

Хабзэ хъуауэ, илъэс куэд лъандэрэ къызэрагъэпэщ «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэ фестиваль-зэпеуэр 2017 гъэм гъатхэпэм и 10-м Лэскэн муниципальнэ районым щеблэгъащ. Гуфlэгъуэм хэт хьэщIэхэм кьапежьащ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэхэу Алътуд Заур, Адыгэ Мухьэдин, Апекъуэ Артур, Лэскэн муниципальнэ щIыналъэм щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ и советым и тхьэмадэм и къуэдзэ Ажокъуэ Хьэчим сымэ.

ЗэпеуэР къыщызэIуахащ а конкурсым и муниципальнэ Iыхьэм щытекIуа Iуэхущlапlэм - Табыхъу Хьэзрит и цIэр зэрихьэу Анзорей къуажэм дэт курыт еджапIэм. Мы школыр сытым дежи япэ итщ сабийхэр лъэпкъ хабзэхэм яхуэгъэсэнымкIэ, абыхэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ кууу егъэджынымкIэ.

А махуэм школым и пщIантIэри еджапIэ пашхэри фестивальм хуагъэпсат. Абы къекIуэлIат къуажэдэсхэм ящыщ куэд. ЕкIуу адыгэ фащэкIэ хуэпа еджакIуэхэм нэхъыжьхэмрэ зыщIэхэмрэ хьэщIэщым щIашащ. Абыхэм я щIыхькIэ кьызэIуаха джэгур зэриухуу мы школым и тхьдэм теухуауэ утыкум кьыщыпсэлъащ етIуанэ классым щIэс Къумал Саидэ.

Школым и пэлъщIэ пэшым кьыщызэрагъэпэщат лъэпкъ Iэщlагъэхэр хуэIэкIуэлъакIуэхэм я Iэдакъэщlэкlхэм я гъэлъэгъуэныгъэхэр, апхуэдэу аэр щызэхуэхьэсат школым и дэтхэнэ къатми. Блынкэм сабийхэм я суратхэр щыфIэдзат.

Анзорей къуажэм и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ Апэжьыхь Батыр къыщыпсалъэм жиIащ мы къуажэм гъэсэныгъэ лэжьыгъэр тэмэму зэрыщыдзэтегъэувар. Абы и щыхьэтт гуфIэгъуэ зэхьихьэм нэхъыжьхэри, нэхъыщIэхэри, егъэджакIуэхэри, къызэрыгуэкI къуажэдэсхэри къызэрекIуэлIар.

Лэскэн муниципальнэ районым и администрацэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

● Дифы догъэлъапIэ

Хэкупсэ нэс Къэрмокъуэ Хьэмид

ТхакIуэ, критик, журналист, зэдзэкIакIуэ цIэрыIуэ Къэрмокъуэ Хьэмид и ныбжьыр нобэ илъэс 80 ирокъу.

Къэрмокъуэ Хьэмид Гъузер и къуэр, КъБКъУ-м и аспирантурэр къиуха нэужь, Iэнатlэ, къулыкъу куэдым пэрытащ. ЯпэщIыкIэ «Ленин гъэзу» (иджы «Адыгэ псалъэ») газетым щылэжьащ, иужькIэ «Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэу, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и унафэщIу щытащ. Сыт хуэдэ Iэнатlэ пэрымытами, Хьэмид лэжьакIуэ жыджэру, унафэщI Iэкlуэлъакlуэу, къызэгъэпэщакIуэ Iэзэу зыкъигъэлъэгъуащ. Иджы зигъэпсэхуну тIысыжами, игу зыхуэкъабзэ и лъэпкъым еш имыщIэу ноби хуолажьэ, адыгэ Iуэрыlуатэм, тхыдэм, литературэм хэлъхьэныгъэфIэр хуещI.

Жьыщхьэ махуэ хъуа ди нэхъыжьыфым и махуэ лъапIэмкIэ ди гуапэу дохъуэхъу узынщагъэ быдэрэ дэрэжэгъуэрэ и куэду, нэщхьеягъуэр къыпекIуэкIыу, и щIэблэм я гуфIэгъуэ щымыщIэу илъэс куэдкIэ ди япэ итыну.

Къэрмокъуэ Хьэмид и гъащIэмрэ и гущIэмрэ и ныбжьэгъуэхэмрэ и лэжьэгъуэхэмрэ трауха тхыгъэхэм, езым къеIытха интервьюм ди газетым и къыкIэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэхэм ящыщ зым фыкъыщеджэ.

«Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэ

Лъэпкъым зэрызиужьым и нэщэнэ

● Гу зылъытапхъэ

Бэрбэч Хьэтlутlэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ кафедрэ къызэрыщыIэзIуахрэ илъэс 85-рэ ирокъу мы гъэм. Лъэпкъым зэрызиужьым и нэщэнэщ ар - анэдэлъхубзэмрэ литературэмрэ хуэлажьэ Iуэхущlапlэ апхуэдиз илъэс хьэуауэ дызэриIэр.

КъБКъУ-м Темырканэ Хьэту и цIэр зезыхьэ и щэнхабзэ центрым сыхьэт 13-м щIидзэнурэ нобэ щызэхэтынущ а махуэшхуэм теухуа гуфIэгъуэ зэхуэс. Гъатхэпэм и 14-м, Адыгэ тхыбзэм и махуэр ящыщIидгъэлъапIэм, ирырагъэхьэлIа а пшыхьым щызэIущIэнущ илъэс зэхуэмыдэхэм адыгэбзэ къудамэм щылэжьахэр, ар къэзыухахэр, студентхэр - кIэщIу жыпIэмэ, анэдэлъхубзэр зи псэм хэльхэр. Ди бзэм нэхъри зиужьащIыныр зи хьуэпсапIэ защIэщ а зэхуэсым хэтынури, ар кьайхъулIэну, абыхэм я зэпыщIэныгъэр нэхъри быдэ хъуну ди гуапэщ.

ДЖАТОКЪУЭ Залинэ.

НОБЭ

♦Псыежэхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ
♦Пи бжыгъэм и дунейпсо махуэщ
♦Адыгэ тхыбзэм и махуэщ
♦Эстонием щагъэлъапIэ я анэдэлъхубзэм и махуэр
♦**1730 гъэм** Санкт-Петербург кьалэм и гербыр кьащтащ.
♦**1853 гъэм** адыгэбзэкIэ къыдэкIащ Бырсей Умар и «Адыгэ псалъалъэр».
♦**1990 гъэм** Горбачев Михаил СССР-м и япэ Президенту хахащ.
♦**1995 гъэм** Налшык экономико-правовой лицей къыщыщIэзIуахащ.
♦**2004 гъэм** Урысей Федерацэм президент хэхныгъэхэр щекIуэкIащ. ЕтIуанэ пIалъэми а къулыкъум тетыну дзыхь хъуащIри, Путин Владимир Президенту хахьжащ.

♦Австриемрэ щыщ композитор цIэрыIуэ, дирижёр **Штраус Иоганн** къызэралъхурэ илъэс 213-рэ ирокъу.
♦Нэмыцэ физик щэджащэ, Нобель саугъэтыр 1921 гъэм зыхуагъэфэща **Эйнштейн Альберт** къызэралъхурэ илъэси 138-рэ ирокъу.
♦Абхъаз тхакIуэ, Куржымрэ Абхъазэымрэ гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Гулиа Георгий** къызэралъхурэ илъэси 104-рэ ирокъу.
♦Урысейм и япэ Президенту щыта Ельцин Борис и щхьэгъусэ **Ельцинэ Наинэ** и ныбжьыр ильэс 85-рэ ирокъу.
♦ТхакIуэ, литературовед, критик Iэзэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къэрмокъуэ Хьэмид** и ныбжьыр ильэс 80 ирокъу.
♦Японием щыщ актрисэ, ЮНЕСКО-м сабийхэм я Iуэхухэмкlэ и чэнджэщагъу **Курихарэ Комаки** и ныбжьыр ильэс 72-рэ ирокъу.
♦Къэрал къулыкъущIэ, КъШР-м и Iэтащхьэ **Темрезов Рашид** и ныбжьыр ильэс 41-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, уэшх тIэкIу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 7 - 8, жэщым градуси 3 - 5 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Зи бзэ ныкъуэм гуныкъуэгъуэ ущигъащIэркъым.

«Спартак-Налшык» - «Балтика» (Калининград) - 0:0

● Футбол

Урысей Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизионым щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ, вэсэмахуэ Налшык щызэхэта зэIущIэр зэрытемыгъэкIуауэ ихащ.

«Спартак-Налшыкымрэ» «Балтика»-мрэ зэрызэдэджэгуамрэ абы иужькIэ турнир таблицэм игъэта теплъэмрэ ятеухуа тхыгъэ ди газетым тетынущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● Щапхъэ

«Мастэнэр цIыкIуми, Іуданэм кIыхьу иродэ!»

Махуэлі Беслъэн ди щIалэгъуалэм къахэжаныкIа, зи гъащIэ гъэзгур адыгэбзэм зыхухишахэм ящыщщ. Ар Іэнатіэ зэхуэмыдэхэм пэрытащ, ауэ сытым дежи адыгэбзэм хуэпэжу, сыт имышIами, абы епхауэ нобэм късащ.

Махуэлі Беслъэн

БЕСЛЪЭН Къамылыкъуэ къужэм 1983 гъэм къыщалъхуащ, куруф еджапIэр абы къыщиухащ. Ятіэ дыдэу Дзэлыкъуэ щыналъэм щекIуэкIа «Гъэм и еджакIуэ нэхъыфI» зэпеуэм ятіэ увыпIэр къызэрыщихьам папщIэ, КъБКъУ-р къыщIэупщIри, адыгэбзэмрэ литературэмрэ щадж къудамэм щIэтIысхьащ. ЗэрыкъуэфакIкIэ университет гъащIэми хэту, и щIэныгъэми хигъахъуэу апхуэдэт. Абы и щыхьэту МахуэлIым къыхуагъэфэщащ щытхъу тхылъ куэд. ЕджапIэ нэхъыщхьэр къыздэриухыу, Беслъэн къуажэм игъэзэжащ икIи Мэшыкъуэ Хьэмид и щIэр зезыхьэ курыт еджапIэм адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэу илъэсиплIкIэ щылэжащ. А зэманым щIалэщIэм Іэзэуит1 эдэхьащ: школми радиоми щыIэжащ. Беслъэн радиом нэтынитI къыщызэригъэпэщат - зыр зэчий дахэ зыбгъэдэлъ щIалэгъуалэм яхуэгъэпсат, адрейр адыгэ гъащIэм, щэнхабзэм, бзэм, дыкъэзыухъуреихь дунейм теухуат.

ЖыпIэнуракъэ, и гуащIэр адыгэбзэм хуиунэтIыну зэрыщIыкIуэр и гуращэти, лъэкI кьигъанэртэкъым. Тхылъхэр, журналхэр, газетхэр и Іэпэгъуэ. И гурыгъуэхэр, и Іуэху еплыкIэр къыщигъэлъагъуэ тхыгъэхэр щIэх-щIэкъуэрэ кьытрыригъадэрэ Дзэлыкъуэ щыналъэм къыщыдэкI «Зольские вести» газетым, Къабэрдей-Балъкъэрым, Адыгэ Республикэм я журналхэм.

МахуэлIым курыт еджапIэм «Ныбжьыщ1э хасэ» къыщыізэригъэпащати, абы хэт еджакIуэхэм районми республикэми увыпIэ куэд къыщацхьырт. А екъулIэныгъэхэм нэхъри къару къыхилхьэрт щIалэм. А ехъулIэныгъэр Іэщ1ыбI имышIу хъуакъым и уэнушагъэ Іуэхукіэ. Абы кIэлъитгъэплъу Москва илъэс зыбжанэкIэ щыIащ. Беслъэн а зэманри Іуэхуншэу щигъэкIуакъым къалащхьэм, атIэ, Москва дэт МГЛУ-м щIэтIысхьэжри, къиухащ. Адыгэ щIалэм и ерджэкIэр зигу ирихьа деканым лэжьыгъэ къыхуигъэлъагъэри, абы къыщынащ. А зэманым щIалэм къищIыхуащ «Адыгэхэр» жьхуиIэ фондыр. КъыхьэгъэщIипхъэщ абыхэм нобэр къыздэсым зэрадэлажьэр.

И Іуэхухэр хъарзынэу зэтеуваи, и зэманыр щIэтIысхьэ щIымытами, и псэр абыкIэ мызаегъу адэжь щIыналъэм къэкIуэжащ, занщIэуи пищэжащ къызэринэкIа лэжьыгъэм. ЕджапIэ нэхъыщхьэми, газетми, журналхэми, радиоми, телевиденэми ирагъэблэгъа щхьэкIэ, МахуэлIым кьыгурыIуат егъэджакIуэу щытыну зэрыхуейр. Абы сабийхэм ядэпжьэмэ нэхъ кьищтэрт, сыту жьпIэмэ, лъэпкым зыгъэлъэпкъыр бзэрадж, ар щIэблэм яІэщIэхумэ, зы лакъуэ псо зэрытIэщIэкIынур кьыгурыIуэрти, анэдэлъхубзэр щIыкIуэхэм къеГъэщIтэным егупчыну хуейт.

Араущи, Налшык къалэ дэт 1-нэ гимназием щолажьэ Беслъэн. ЕгъэджакIуэм зэрыжиІэмкIэ, икъукIэ игу ирохь и Іэщ1агъэр. МахуэлIым и лэжьакIэм гу къыхильэтэри, еджапIэм унафэ щащIащ «Гъэм и егъэджакIуэ нэхъыфI» зэпеуэм Беслъэн зигъэкIуну. ЩIалэм абы етIуанэ увыпIэр къыщихьащ. Адыгэбзэм и дахагъэр, кьулеигъэр зэпеуэм къыщигъэпсыгъэфащ абы, дерс иригъэкIуэкIами «Урок нэхъыфI дыдэ» къыфIащащ. КIэщIу жьпIэмэ, а зэпеуэм Беслъэн дипломитху къыщыхуагъэфэщащ.

«Мастэнэр цIыкIуми, Іуданэм кIыхьу иродэ!» - жиІэ Беслъэн, адыгэбзэм щытепсэльыхькIэ. Абы къегъэльагъуэ, ди лъэпкъыр цIыкIуми, адыгэбзэ зыIуриІулъым я бжыгъэ дызэрыхуейм хуэдэу куэд мыхъуми, МахуэлIым гугъэшхуэзэр зэрИэр. ИльэситкIкIэ «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэми хэтащ ар. ТIэуми ятіэ увыпIэр къыщихьащ. Абы и закъуэкъым - Беслъэн и гъэсэн цIыкIуэр зыхэт сыт хуэдэ зэпеуэми увыпIэ нэхъыщхьэхэр къыщащхь. Адыгэбзэр бзэ дахэщ, кьупIейщ, куэдым ар яфIэгугъуми, Беслъэн дежкIэ макъыбзэу зэролъэлъ.

НобэкIэ адыгэбзэр зыыджыну хуэмейхэм, е ар кьызэгугъэхIкъэм егъэкIуэхэм ар тыншу зэрызэрагъэщIэн Іэмалхэм, абыкIэ дэІэпыкъуэгъу яхуэхъуну тхыгъэхэм йолэжь МахуэлIыр. Дерсхэр зэрырагъэкIуэкI план, ятіэ классым къыщыщIэдзауэ ебгъуанэ класс хъуху, яхуитхъэзэрыщ егъэджакIуэхэм. НэгъуэщI лъэпкъ щыщу адыгэбзэр зыдыжьэм сэбэп ин яхуэхъуну кьалъытэ Беслъэн и лэжьыгъэхэр.

Беслъэн ирагъэблагъат хамэ щIыналъэ щыпсэу адыгэхэми ядэлажьэну, ауэ и щIыналъэмкIэ и гур щыIэщ сытым дежи, абы зэкIэ тегушхуакъым.

МахуэлIым кьыізэрилытэмкIэ, дахагъэр кьыщежьэр, сабийм и бзэр щызэригъащIэр унагъуэращ. Езым бзэр фIыуэ зэрищIэр зи фIыгъэр и адэ-анэрщ, и егъэджакIуэу щыта Къущхьэ СультIанрэ КIэмпIу Іэсиятрэщ.

Ирелбгъ нуру фи вагъуэр, егъэджакIуэ цIэ лъапIэр зыхуэфащэхэ!

ФЫРЭ Анфисэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*


КъБР

«ЦIыхум уэзрыщIыгъуэ хъунур кърипщIэфынущ ар и анэдэлъхубзэм зэрыхущытымкIэ», - итхауэ щытащ Паустовский Константин. Лъэпкыр лъэпкъ зыщIыжыр и анэдэлъхубзэрамэ, цIыхуэр цIыху зыщIыжыр и бзэм хуиІэ щытыкIэрщ. Зым и дежкIи щэхуэкъым, курыт еджапIэр анэдэлъхубзэм и кьигъэхъуапIэ нэхъыщхьэхэм зэращыщыр. Абы уэзыщрихьэлIэ егъэджакIуэращ уи бзэм хуэпщIынну пщIэр, лъытэныгъэр, уи лъэпкъ гупсысэр зэрызэфIэувэнур зэлъытар. Апхуэдэ егъэджакIуэ гумызагъэхэм, анэдэлъхубзэм хуэлажьэным зи гъащIэр тезыхуахэм ящыщщ Іэрч щIыналъэм хыхьэ Курп Илшэ къуажэм къащIальхуэ. Инарыкъуей курыт школым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ щезыгъаджэ Хьэрэдурэ Эммэ.

ИЛЪЭС тIощIрэ тхум нэблэгъауэ а Іэнатіэ мытынышм пэрыт егъэджакIуэм и бзэм хуиІэ лъагъунэгъэм хэхъуэ зэпытщ. ЦIыхум и псэм фIэфI Іэзэу ищIэмэ, къохьулIэ. Эммэ иригъэкIуэкI дерсхэр сыт щIегъуи щIэщIегъуэ зэрищIын, еджакIуэ цIыкIухэр бзэм зэрыдригъэхьэхын Іэмалхэр къеГъэхьхуэу икIи къегъуэт. Хьэрэдурэм иригъаджэ ныбжьыщIэхэр щIыналъэм, республикэм адыгэбзэмкIэ щрагъэкIуэкI зэпеуэхэм щIэх-щIэхьурэ къыізэрыщхьэжаныкIым и мызакъуэу, езым и щапхъэм тету егъэджакIуэ Іэщ1агъэр къыхэзыхахэри мымащIэу къахэкIащ абыхэм.

ШIэч хэмылъу, дэтхэнэ цIыхуми и гъащIэм хэтщ и дуней тетыкIэм пэгъунэгъу, зыдэплъей егъэджакIуэ. Апхуэдэу сэ сиІащ Хьэрэдурэ Эммэ.

Пщ1ыдэзэ классхэм адыгэбзэкIэ дерс пощри щыдагъэджами, бзэм лъагъунэгъэ щыхуэсщIар ар нэгъэсауэ фIыуэ зыльагъу, абы пщIэ хуэзыщI егъэджакIуэм срихьэIа и иужьщ. Абы и бзэм, ар сабийхэм зэрахущыытым, кьахуигъуэт бгъэдыхьэкIэм куэд зэрелъытар сэ иужькIэ щыщыгурыIуар. Эммэ егъэджэныгъэм кьару кьызэрихилъхьэр нэрылъагъущ, ар абы я1тегущэзэ иригъаджэхэм. АпхуэдизкIэ ди бзэм пщIэ хуэтщIу дригъэсат Хьэрэдурэмэ, си насып кьрихьэкIыу КъБКъУ-м и адыгэбзэ кьудамэм сыщыщIэтIысхьам, лъэпкъ Іуэху си пщэ кьыдалъхьауэ кьызыщихьужьрт.

Гъэ кIуам «Пробуем перо» республикэпсо зэпеуэм иригъэхьа эсемкIэ ятіэ увыпIэр къэзыхьа Іимам Заирэт (Инарыкъуей кьуажэм дэт курыт школым и 10-нэ классым щоджэ) жиІэ и ехъулIэныгъэр зи фIыщIэр адыгэбзэмкIэ и егъэджакIуэ Хьэрэдурэ Эммэу. «Адыгэ тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ ятеуухуауэ абы зыкIэ куэд ещIэри! АбыхэмкIэ къыздгъэшIурэ дерсыр щIэщIыгъуэ ещI, дэри сыт щыгъуи щIэ гуэр зэхэтхыну дыхуэпIащIэу докIуэ Эммэ и деж. А щхьэусыгъуэрауэ къысщIохьу ди школым щеджэхэм ящыщ куэд апхуэдэ зэпеуэхэм зэтыну щIафIэфIыр», - жиІэ Заирэт.

Анэдэлъхубзэм и кIыщым щылъагъэщхэм ящыщщ егъэджакIуэр. Абы сабийм и гущIэм щыхисэ жылэм лъэпкъым и натIэ хъунур куэдкIэ елытащ. «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэ зэпеуэм гумызагъэу зыхуэзыгъэхьэзыру хэтахэм, пашэныгъэр щыізыубыдахэм ящыщщ Хьэрэдурэ Эммэ. Адыгэ тхакIуэхэр кьызэралъхурэ илъэс бжыгъэ дахэ щрикъукIэ, лъэпкъым и махуэ хэхахэм ирихьэIуэ абы игъэхьэзыр урок зэІуахэр сыт и уасэ?! А псом ефIэкIыжу, кьуажэдэсхэри лъэпкъ Іуэхум кьихишэн хуэзфIокI. Абы кьызэригъэпэщ пшыхь гъэдэлъагъэхэм жылэдэсхэм яфIэфIу зыкърагъэхьэлIэ. Апхуэдэу щIыналъэм щыпсэуахэм я пащхьэ гъэ кIуам Іуэху инкIэ ихьащ егъэджакIуэр. Адыгэ Республикэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, АР-м, КъБР-м, КъШР-м я цIыхубэ тхакIуэ, СССР-мрэ УФ-мрэ я Къэрал саугъэтхэм я лауреат Мэшбащ1э Исхьэкъ и ныбжьыр илъэс 85-рэ щрикъу 2016 гъэр тхакIуэм и илъэсу ДАХ-м игъэувати, абы хуэгъэпса пшыхь езы Исхьэкъи, нэгъуэщI республикэхэм, хамэ къэралхэм къикIа хьэщIэхэри хэту Тэрч къалэ щригъэкIуэкIащ.

Бзэр хьумэным, ар щIэблэм ФIыуэ егъэльагъуныкIэ зэфIигъэкI лэжьыгъэ иным папщIэ фIыщIэ, щIыхь тхылъ куэд къыхуагъэфащащ Эммэ, ауэ езым и дежкIэ нэхъыщхьэр абы иригъаджэхэм я гум кьыщигъэшI пIалъгуныгъэщI. АбыкIэ Іэзагъэ ин бгъэдэлъщ Хьэрэдурэм.

Дэтхэнэ сабийми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къыхуэзыгъуэт, бзэ зырызкIэ епсэлъэф егъэджакIуэ набдзэгубдзаплъэм иригъаджэхэм я деж пщIэ лей, фIэлIыкI щиІэщ. Дуней тетыкIэ екIу, хабзэ, акъыл жан, цIыхугъэ пIалъэ зиІэ Эммэ цIыкIухэми фIыуэ къызэрагъэлъагъуэ шэч къызэтымыхьэнщ. Сабийр кьыпхуэгъэпцIанукъым, дахэ защIэкIэ кьыдумыхьэхэмэ. УемыхьэлсэнкIэ Іэмал иІэжьым махуэ лъагIэхэм деж. Эммэ ныбжьыщIэхэм кьыхуащ гупыситIым.

Хьэрэдурэ Эммэ иригъаджэ псоми кьабгъэдэкIыу, Адыгэ тхыбзэм и маухуэм сыхуейщ абы фIыщIэ ин хуэсщIну. Іэзагъэ лъагэ а Іэнатіэм кьыщызэгъэльагъуэ егъэджакIуэм и гъэсэнхэм езым ефIэкIыжьын, щIэгъуэщэн куэд кьаухэкIыну си гуапэщ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Хьэрэдурэ Эммэ

Гъащ1эм пещэ.
Сурэтыр **Пэтіуащ1э Феликс** *ищIащ.*

Си къэухьмкIэ садогуашэ

ЕгъэджакIуэр сабийхэм щапхъэ, щIэныгъэ яхуохъу. А Іэщ1агъэр кьыхэзыхьым ар фIыуэ кьыгурыIуэу лажьэмэ, щIэблэр щIэныгъэм дегъэхьэхьыным, гъэсэным зэрыпэлъэщынум шэч хэлъкъым.

ЗИ ГУГЪУ фхуэтщIыну Пэунэж Залинэ 2005 гъэм КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кьудамэр кьуихри, Кьубэ-Тэбэ къужэм дэт курыт школ №1-м лэжьэн щыщIидзащ. Мы зэманым ар зыхунэсари мащIэкъым. Бахьсэн районым адыгэбзэкIэ щезыгъаджэхэм я зэхъэзэхуэм 2015 гъэм ятіэ увыпIэр абы къыщыхуагъэфэщащ, а илъэс дыдэм - 2015 гъэм и егъэджакIуэ нэхъыфI» цIэр къыфIащащ. Пэунэжыр «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэ зэпеуэм жьджэру хэтщ. ЕгъэджакIуэм етIуанэ увыпIэ къыщихьащ Анэдэлъхубзэр курыт школхэм щезыгъаджэхэм я щIыналъэ зэпеуэу Мэхъэчкъалэ щекIуэкIам, адыгэбзэр езыгъаджэхэм я зэфIэкIыр щагъэльагъуэ уэрсейпсо мастер-классым ятіэ увыпIэр къыщыхуагъэфэщащ.

- Си псэ егъэджакIуэ, Аллы сопагэ, - жиІэ Залинэ. - Сытым дежи еджэным сыдихьэхыу, щIэ гуэрхэм сыхуэпабгъэу сыщытащ. Ауэ Іэщ1агъэр къыщIыхэсхам сыщегупсысыжкIэ, ар зи фIыщIэу къэслъытэр адыгэбзэмрэ литературэмкIэ сэ езым си егъэджакIуэу, си ущиякIуэу щыта Щыхьэлы Женящ. Ар пщIэшхэу иІэу илъэс куэдкIэ и Іэнатіэм пэрытащ, и екъулIэныгъэхэмкIэ республикэ псом къыщащIыхуу. Абы дэтхэнэ сабийми бгъэдыхьэкIэ кьыхуигъэтырт икIи цIыху щыпсэ куэд игъэсауэ яІэпIэ хъунущ.

ЕгъэджакIуэр си лэжьыгъэр кьыізэрехъулIэм и зы нэщэнэу собж абы еджакIуэ цIыкIуэхэр кьыпэплъэнщ. Си дежкIэ насыпщ дерсым сыщыкIуэкIэ ахэр кьыізэрыгепежьэр, махуэр зэрагъэкIуамрэ я щэху гуэрэхэмрэ кьызэрызэжаІэр.

ЕгъэджакIуэр зы лэжьэкIэм кьытенэ хъунукъым. Абы зэпымыууэ зиужьын, зэманым зыдригъэкIын хуейц. АбыкIэ сэбэнщ зэІущIэ зэхуэмыдэхэр хъухэтыныгъэщIэхэр егъэкIуэкIыныр, компьютерымрэ егъэжьныгъэ и лъэныкъуэкIэ абы иІэ Іэмалхэмрэ кьзбгъэсэбэпынырэ, нэгъуэщIхэри.

Урыс тхакIуэшхуэ Толстой Лев жиІэгъащ: «ЕгъэджакIуэм и лэжьыгъэр фIыуэ илъагъумэ, ар егъэджакIуэфIщ. Ауэ егъэджакIуэм сабийр и быным хуэдэу фIыуэ илъагъумэ, тхылъ псорр щIэзыджькIам нэхъри нэхъыфIкщ. Сабийми лэжьыгъэми хуиІэ лъагъуныгъэр зы зыщIыфа егъэджакIуэм кьытекIуэн щIэлъэныкъ». Сэ сыхущIокъу апхуэдэ егъэджакIуэ сыхэунэм.

- Анэдэлъхубзэм щIэблэр дегъэхьэхьным теухуауэ сыт хуэдэ Іуэхуэкър щегъэкIуэкIэр фи школым?

- Бзэм теухуа лэжьыгъэ щхьэпэ куэд идогъэкIуэкI. Абыхэм ящыщщ сочиненэ тхыныкIэ, усэ къеджэныкIэ, ди тхакIуэхэм я сурэт щIыныкIэ, тхыгъэ зэджар тепIыгъэкIэ кьегъэльагъуэжьныкIэ, адыгэ уэрэдыжьхэр жаІэныкIэ зэпеуэхэр кьызэрызэдгъэпэщыр.

ЕгъэджакIуэхэм дерс зэІуахэр ят, лэжьыгъэм теухуауэ зочэнджэщ, зэдоІэпIыкъу. Ди сабийхэр районми республикэми щекIуэкI конференцхэм, зэпеуэхэм яыджэру зэрыхэтыным худогъэхьэзыр. ЕгъэджакIуэхэр, шэч хэмылъу, дыщогуфIыкI ди еджакIуэ цIыкIуэхэм я ехъулIэныгъэхэм. Апхуэдэ дакъикъэхэм зыхьбощIэ уи Іэщ1агъэм и мыкъэнэр.

- Уи мурадхэр кьохъулIэну ди гуапэщ, Залинэ.

Епсэльар
БАГЪЭТЫР Луизэщ.

Адыгэбзэм хужаІахэр

***АДЫГЭХЭМ я бзэр дуней псом щыизэхъ пасрей быдэхэм, гъэщIэгъуэныщхъэм, купщIафIэхэм ящыщ зыщ. ШIэч хэмылъу, а зыращ щытынкIэ мэхъу Азие Инцэм щыIауэ кIуэдыжа бзэхэм я щхьэхуэр къэхуэныжкIэ «Бункьибзэ Іухэ» хъурынури. Абхъаз-адыгэхэм я бзэм, зэгуэр лъэщ дыдэу щыта бзэ зэлъэпкъэгъэхэм я зы пыудахуэм, кьынкърыкI къарум кьыиегъащIэ ахэр зыхэпсэукI дунейр зэхэзыщыкIыфынур акьылкIэ даІуэ щIыхураІуэ зэрыщытыр.*

МЕССАРОШ Лайоу.

***ЩIЫУЭПСЫМ** и макъхэм адыгэбзэм хуэдэу дахэу уридежьуфу нэгъуэщI зы лъэпкыбзи щыIкъым. Ар и щыхьэтщ а бзэр зыГуры1ыта лъэпкъым ныбжьыщхуэ зэриІэм.*

ДЮМЕЗИЛЬ Жорж.

***САБИЙМ** еджэн кьыізэрыщIидзэн хуейр и анэдэлъхубзэмкIыщ. Сэ куэдрэ захьзох, ятхьуэ срохьэлIэ адыгэ сабийм и анэдэлъхубзэкIэ щIэныгъэ пхуемыгъэгъэутыну. Ар щыуагъэщ. Сэ шэч кьытехъэркъым, щIэблэм щIэныгъэ тэмэм ептын мурадуиІэмэ, абы ятіэ лъабжьэгъэ зэричыи хуейр езым кьыдалъхуэ бзэр ары зэрыщытым.*

ХЬЭПІОХЪУЩОКЪУЭ Къазий.

Алборэ Іэминат и дерс гъэщIэгъуэнхэр

Алборэ Іэминат Старэ Шэрэдж къуажэм дэт 1-нэ курыт еджапIэм адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэу 1982 гъэ лъандэрэ щолажьэ. НыбжьыщIэхэм адыгэбзэр щэрыІуэ я1ыным, адыгэ хабзэм щIэпIыкIыным, лъэпкъым хуэфащэн щIэблэ къэгъэтэджыным ахуэдиз илъэс хъуауэ еліалIэ егъэджакIуэ гумызагъэм зыхуигъэувыжа къалэнхэр къызэрехъулIэм и щыхьэтщ абы и еджакIуэхэм район, республикэ зэхьэзэхуэхэм ятіэ увыпIэхэр къызэрыщахьыр, школыр къауха нэужь балигъ гъащIэм цIыху нэсу зэрыхэувэр.

АПСОМИ лъабжьэ яхуэхъур, дауи, Іэминат и Іуэху бгъэдыхьэкIэрщ. Абы школым щригъэкIуэкI лэжьыгъэр кьапщтэмэ, ар егъэджакIуэ кьудейкъым, атIэ сабийр цIыху зэпIэзэрыгъ, гъащIэм и нэр кьыхуикIыу, екъулIэныгъэхэм хуэпабгъэу зыгъасэ нэхъыжьыфIщ. Апхуэдэу Іэминат и дерсхэм щIэзэхуэхуэнащ школкIуэм и зыужьыныгъэм сэбэп хуэхъу Іэмал гъуэзэджэхэри. Псалъэм кьыдэкIуэу жьпIэмэ, Алборэм мыхьэнэшхуэ ирет классщIэ лэжьыгъэхэм. Апхуэдэ дерсхэм дежь бзэмрэ литературэмрэ я мызакъуэу, адыгэм и тхыдэм, щэнхабзэм, кьызэпичэ гъуэгуанэм, кьызэринэкIа гугъуехьэм, лъэпкъым и фIыпIэр здэщIыпмрэ лъэпкъыпI нэсым и щыфэпIыфэмрэ ярегъащIэ. Абы кьыдэкIуэу Іэминат кьызэригъэпэщащ «Адыгэ хабзэ» гупжьейр. Абы ныбжьыщIэхэр яфIэфIу кьохIуалIэ икIи гъэщIэгъуэн куэд кьыщащIэ.

- ЕгъэджэныгъэІэнатIэм жэуаплныгъэ нэхъ ин зыпылъ и кьудамэу кьэлпIытэ хъунущ курыт еджапIэхэр, - жиІэ Іэминат. - Абыхэм я пщэм кьыдохуэ зи гупсысэкIэ, ІуэхущIафэкIэ, дуней тетыкIэкIэ пэрыт цIыху лъэпкъым, кьэралым яхуэгъэсэныр. Дэтхэнэ егъэджакIуэми кьехъулIэнущ апхуэдэ щIэблэ кьитэгъэджыну, и лэжьыгъэм и лъабжьэу гъэсэныгъэр игъэувмэ. ЩIэныгъэм гъэсэныгъэр щыгъуэмэщ, хьер кьыщыпэкIуэр. Сыт щхьэкIэ жьпIэмэ, хьэл-щэн екIу зыхэлъ егъэкIуэрщ егъэджакIуэм и псалъэр псэкIэ зыхэзыщIэфынур, абы и мыхьэнэр кьызыгурыIуэнур.

Сэ сыщылажьэ ДзэлыкIуэрэй (Старэ ШIэрэдж) дэт езанэ курыт еджапIэм щIэсхэр псори адыгэщ, зэрыгупсысэри, я щхьэм илъыр кьызэрыІуатэри я анэм кьадильхуэ бзэрщ. Адыгэбзэр нэхъ гугъуэхэм хабжэми, абы пкърылъ кьулеигъымрэ и зэфIэкI инымрэ гу лъедгъэтэфын хуейщ сабийм. НыбжьыщIэхэм кьэдрэ яжьэIэ ди бзэм и дахагъым дуней псом щыцIэрыІуэ щIэныгъэлIэхэм мызэ-мытIэу гу зэрыльтар, ноби абы куэд зэрыдихьэхыр.

Ди республикэм анэдэлъхубзэр хьумэным, абы зегъэужьыным екъэлаІуэ щекIуэкI «Си бзэ – си псэ, си дуней» республикэ фестиваль-зэпеуэм хэтащ Алборэ Іэминат икIи абы и унэтIыныгъэхэм ящыщ зым ятіэ увыпIэр къыщихьауэ щытащ, апхуэдэуи «Илъэсым и щэрыІуэхэр, ятхьуэ сроІуэ» зэпеуэм 2007 гъэм класс унафэщI нэхъыфI щыхьащ.

Іэминат и дерсхэр зэи зэщхьу екIуэкIыркъым, сыт щыгъуи щIэщIагъуэ, тыншыгъэ имыт, еджакIуэхэм я гум кьынэжьи гъэрхэр ярет, жьІэгъуэхэр, псалъэ щэрыізэхэр, усэ едзыгъуэхэр яфIэфIу зрагъащIэ.

«Программэм хэмыту сабийхэм даззрыдэлэжьэн ІэмалыфIщ «Адыгэ псалъэ» газетым, «Іуащхьэмахуэ», «Нур» журналхэм кьытехуэ, егъэджэныгъэм, гъэсэныгъэм екъэлаІуэ тхыгъэхэр. Дерсым щезгъэщIар езгъэбыдылIэжьын папщIэ классщIыб лэжьыгъэхэр изогъэкIуэкI, зи гугъу сщIы кьыдэкIыгъуэхэр кьэзгъэсэбэпнурэ. Абы щыгъуэм зэман уиІэщ щIэныгъэм и щэху куэдым ныбжьыщIэхэр щыгъуазэ пщIыну, егъэдж предметым нэхъ кууэ хэпшэну. Апхуэдэ лэжьыгъэхэм еджакIуэ цIыкIуэм я зэхэщIыкIым зрагъэубгъу, гъащIэм хуагъасэ. Дэращ, адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэхэрщ, ныбжьыщIэхэр лъэпкъ хабзэм, нэмысым и пщалъэхэм изагъэу зыгъэсапхъэр.

ФIыуэ сэбэп кьытухуохъу мы гъэ еджэгуэм кьыдата «Адыгэ хабзэ» дерсыр. Ди тхакIуэхэм я Іэдакъэщ1эхэ нэхъыфIхэр яджкIэрэ, сабийхэм ная1э ящхьу ди лъэпкъым кьыдекIуэкIа хьэлыр, Іуэху еплыкIэхэр, цIыху хэтыкIэр, нэгъуэщIхэри. Ижь-ижьыж ІьандэрэІ адыгэм я цIэр жьжьэ зыгъэІуа хабзэхэр ядогъащIэ, ар яхэлъу зэрыпсэуным худоуцIи», - кьыддогуашэ Іэминат.

Сыт хуэдэ Іэнатіэ пэрыт цIыхуми и лэжьыгъэм кьыпэкIуэ хъерым щымыгуфIыкIыу кьаІэрэкъым. Іэминат сабийхэм яхилъхьэ гъэсэныгъэмрэ ярит щIэныгъэмрэ щадилъагъужкIэ ирогушхуэ, апхуэдэуи и лэжьыгъэм кьыхуащI пщIэр кьагъэлъагъуэ Аруан районым ЕгъэджэныгъэмкIэ и Іуэхущ1апIэм, КъБР-м ЕгъэджэныгъэмрэщIэныгъэмкIэ и министерствэм кьабгъэдэкIыу кьызыхуагъэфэщащ щIыхь тхылъэм.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

КIЫЩОКЪУЭ Алим

Гъуэгу къежьапIэ

«Адыгэбзэр сыт щIэджэнур,
Зыдынэсыр Къалэкъыхьыщ», -
Ар ауану Іэджэм жаІэр,
Мышыу псалъэм тIэкIу хэчыхьу.
Щыізэхэсхьэ сэ а псалъэр,
А гушыIэр сигу темыхуэ.
Станцым нэскIэ унигъэсмэ,
Ар бзэм джжIэ уфIэмащIэ?
Бзэр шу лъагъуэм хэзогъадэ,
Бгъуэзу щытми, станцым нос.
Унэсакъэ - гъущI гъуэгушхуэм
Къыщыпшэлъэу тетыр поездщ.
Уи гъуэгуанэр жьыкъэу щытрэ,
УкIуэфынум къыумыгъаазэу -
Шым епсыхи кIуэ мафIагукIэ,
Тетщ а гъуэгум вагъуи мазн.
Сэ шу лъагъуэр зэпызмычу,
ГъущI гъуэгушхуэм сытетхьакъым,
Адыгэбзэр зэзмыгъащIэу,
Ярысибзэр сщIэн сльэкIакъым.
Іуащхьэмахуэ телъ уэс къабзэу,
Сянэм и бзэр сэри сфIэфIт!
Си букварыр зэІуэсхуэ
Сыкъеджамэ, махуэр уэфIт.
Ноби школым кIуэм а тхылъыр
Я блэгущIэм цIыкIухэм щIэльщ,
Урысыбзэм и гъуэгушхуэм
Нытехьэну я гум хэльщ.
Адыгэбзэр, хэт фIэгугъуми,
Ещхьщ си дежкIэ псыІэрышIэм.
Ар уэрэду зэхъэзыхьщ,
Къурши губгъуэ кьыдэущIэу.
Хэт ухуеймэ сыкъыдожэ,
Іэджэм ятіэ сэ сищащ.
Адыгэбзэр си шы Іэсэм
Шы тесыкIэ сигъэщIащ.
Ар си гъуэгум и кьежьапIэщ,
Ар си дамэщ, ар си напщIэщ,
Ар сымыщIэу щытыгъатэм,
КIэщI дыдэнут сэ си гъащIэр.
Сянэм и бзэр си нэм хуэсхь,
Уэ къыптехуэр схуохъу удын.
Гъуэгу тетынир сэ щыузыхэр,
Уи Іэр сыгъыу сыухынщ.

Мылажьэ пстэури мэулъыи, мэкIуэды

Хэтрэ лъэпкъи ежь ыбзэкIэ тхыбзэ иIэ хъуным мэхьанэшхо иI щыIэкIэ-псэукIэм хэуцонымкIэ ыкIи ащ зыкъызэIуихынымкIэ. Ау тхыбзэр, ащкIэ алфавитыр зэгъэгъотыгъошIухэп, ахэр лъэпкъым игъашIэ-икультурэ, иэкономикэ, иполитикэ унашъохэр гъэцэкIагъэ зэрэхъухэрэм лъэшэу ятхыгъ.

Лъэонэ-лъэоянэу макIуэ

Профессор Бырсыр Батырый

Адыгабзэм адыгэ лъэпкъым ихъишъи ишэн-хабзэхэри къызэлъеубытых. Ары ыкIи лъэпкъым ыбзэ зыкIигъэIапIэрэри, къызыкIиухъумэрэри.

